

## BAB III

### MÉTODE PANALUNGTIKAN


Nurutkeun Creswell (Creswell, 2016, kc. 3) métode panalungtikan mangrupa léngkah-léngkah nu dilaksanakeun ku panalungtik pikeun nyangking infromasi tur ngalaksanakeun pengkajian kana data nu geus dikumpulkeun. Métodologi dina panalungtikan kabagi jadi tilu bagian, di antarana métode panalungtikan kuantitatif, kualitatif, jeung campuran.

Tina tilu métodologi éta nu dipaké pikeun nyangking infromasi dina ieu panalungtikan téh nyaéta kualitatif. Ieu métode kualitatif mangrupa métode-métode pikeun maham makna nu nurutkeun sababaraha individu atawa kelompok dianggap asalna tina masalah sosial jeung kamanusaan (Creswel, 2016, kc. 4).

Métodeu nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif analisis. Ieu métode dipaké pikeun ngajelaskeun sacara sistimatis, *faktual*, jeung *akurat* ngeunaan fakta-fakta nu aya dina novél tuluy dianalisis (Ratna dina Fatimah, 2018, kc. 25). Fakta-fakta nu dipaluruh nyaéta unsur struktural jeung étnopédagogik. Aya dua pamarekan nu dipaké dina ieu panalungtikan. Nu kahiji pamarekan strukturalisme pikeun medar ngeunaan struktur carita dina novél *Kasambet* karya Ahmad Bakri. Kadua, pamarekan étnopédagogik pikeun maluruh ajén atikan karakter nu nyampak dina carita tur jadi dasar pikeun jadi bahan pangajaran maca novél kelas XI SMP.

#### 3.1 Désain Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (Arikunto, 2010, kc. 90) désain (*design*) panalungtikan nyaétarencana atawa rarancang nu dijieun ku panalungtik, salaku *ancar-ancar* kagiatan, nu bakal dilaksanakeun.



Bagan 3. 1 Désain Panalungtikan

Memed Munandar, 2021

NOVÉL KASAMBET KARYA AHMAD BAKRI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA NOVÉL DI SMP  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

### 3.2 Data jeung Sumber Data

#### 3.2.1 Idéntitas Novél *Kasambet*

Idéntitas novél nu jadi data dina ieu panalungtikan nyaéta novél *Kasambet*.

Sangkan leuwih jéntré di handap ieu idéntitas bukuna.

Buku	: <i>Kasambet</i>
Karangan	: Ahmad Bakri
Kandel Kaca	: 68 kaca
Medal	: 2014
Penerbit	: Kiblat Buku Utama (PT).

#### 3.2.2 Biografi Singget Pangarang

Pangarang novél *Kasambet* nyaéta Ahmad Bakri, pangarang kasohor di jamanna nu wedal di Ciamis 11 Méi 1912, maotna ogé di lemah caina deui ping 18 Juli 1988 (dna yuswa 71 taun). Ahmad Bakri mangrupa pangarang produkstif anu kungsi meunang jujuluk pangarang *favorit* hasil angkét *manglé* taun 80an, lantaran carpon boh carnyam nu dimuat dina éta majalah téh loba nu mikaresep, malah sok kacida diarep-arepna.

Riwayat atikan Ahmad Bakri ti satamatna Sakola Ra'yat 3 taun, inyana neruskeun ka *Schael School* (sakola sambungan) di Ciamis. Pernah ogé masantréng meunang sababaraha bulan di Genténg jeung Sadéwa. Taun 1937, pernah milu keurseus montir di Bandung, tapi teu kungsi tepi ka tamat. Ti dinya digawé di PTT tepi ka jaman Jepang.

Ahmad Bakri pindah ka Bandung di taun 1949 lantaran kaayaan di lembruna teu aman balukar gangguan gorombolan nu kajadiana sautasna *pengakuan kedaulatan*. Kungsi ngajar di SD Cidadas (1952), tuluy milu ujian persamaan SGB, ditéma deui ku KGA, anu sabada tamat dituluykeun ka B-1 Basa Sunda. Sabada diploma B-1, Ahmad Bakri jadi guru SPG Ciamis, nepi ka pangsiunna (1973). Ti dinya terus diangkat jadi Kepala SPG Muhammadiyah Ciamis, tapi kalah méntha diturunkeun deui jadi Wakil Kepala, sabab hayang aya waktu anu laluasa pikeun nulis jeung ngarang.

Karya liana Ahmad Bakri iwal ti *Kasambet* nu geus medal mangrupa buku di antarana *Payung Butut*, *Rajapati di Pananjung*, *Sanghiang Lutung Kasarung*, *Srangéngé Surup Mantén*, *Sudagar Batik*, *Mayit dina Dahan Jéngkol*, *Jurutulis Malingpig*, *Asmaramurka jeung Bedog Si Rajapati*, *Ki Merebot*, *Dina Kalangkang*

*Panjara, Dukun Lepus, Kabandang ku Kuda Lumping, Dirawu Kélong, jeung Mapag Perang Bharata.*

### 3.3 Téhnik Panalungtikan

#### 3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data nyaéta léngkah strategis dina panalungtikan nu udagana pikeun maluruh data. Arikunto (2010, kc. 136) nétélakeun téhnik ngumpulkeun data téh cara nu dipaké panalungtik pikeun ngumpulkeun data dina panalungtikanna.

Panalungtik meunangkeun data kucara ngumpulkeun data tina buku sarta jurnal atawa hasil panalungtikan nu patali jeung struktural jeung étnopédagogik pikeun ngadeudeulan panalungtikan nu keur dilakukeun. Ieu téhnik ku Arikunto (2010, kc. 270) disebut téhnik studi pustaka lantaran dipaké nalika ngumpulkeun data pikeun nganalisis data sarta néangan sumbér tiori nu ngarojong kana ieu panalungtikan.

#### 3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Tahapan saterusna sabérén ngumpulkeun data nyaéta nganalisis atawa ngolah data. Arikunto (2010, kc. 278) ngajelaskeun Sacara umum analisis data ngawengku tilu hal, nyaéta tatahar, tabulasi, jeung ngamangpaatkeun data luyu jeung pamarekan nu dipaké. Tatahar nyaéta prosés nu mimiti dilakonan. Tabulasi mah hartina prosés ngahijikeun sakabeh data nu geus kapaluruh. Data nu geus ditabulasi tuluy diolah dumasar pamarekan panalungtikan nyaéta struktural, étnopédagogik, jeung bahan pangajaran.

Ieu pamarekan nalungtik hiji objék, nu wangunna novél. Alatan panalungtikana ngeunaan hiji objék ngajadikeun ieu pamarekan objéktif. Nurutkeun Semi dina Koswara (2013, kc. 8) méré watesan ngeunaan pamarekan objéktif, yén panalungtikan sacara objéktif teu leupas tina pangarang jeung nu maca. Ku kituna, ngaléwatan pamarekan objéktif atawa diistilahkeun struktural dipiharep bisa ngahontal timuan anyar dina panalungtikan ieu pikeun ngembangkeun paélmuan sastra Sunda.

Dina nganalisis struktur novél *Kasambet* karya Ahmad Bakri ngagunakeun tiori Robert Stanton nu dianalisana nyaéta:

- a. Téma carita;
- b. Fakta carita nu ngawengku latar, galur, palaku jeung watek palaku; jeung
- c. Sarana sastra nu ngawengku judul, puseur implengan jeung gaya (*style*).

Sedengkeun analisis étnopédagogikna ku cara maluruh atikan moral tina sikep tokoh jeung panokohan nu meunangkeun tina struktural bagéan fakta carita abada dipaluruh palaku jeung watek palaku dina carita. Kacindekan tina dua pamarekan ieu bakal kanyahoan bisa dipaké henteu na jadi bahan ajar maca novél di SMP.

Dumasar pedaran di luhur, inti nganalisis novél *Kasambet* karya Ahmad Bakri bisa saperti ieu di handap.

- 1) Maca jeung neuleuman novél *Kasambet* karya Ahmad Bakri;
- 2) Data dikelompokkeun atawa diklasifikasikeun dumasar pasualan panalungtikan nyaéta struktur formal jeung struktur naratif sarta étnopédagogik dina novél *Kasambet* karya Ahmad Bakri;
- 3) Nyieun kacindekan tina hasil analisis novél *Kasambet* karya Ahmad Bakri;
- 4) Nyusun hasil analisis novél *Kasambet* karya Ahmad Bakri.

### 3.4 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 150) instrumén panalungtikan mangrupa alat/*fasilitas* anu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data sangkan gampang diolah.

Instrumén panalungtikan anu digunakeun dina téhnik ngolah data, nyaéta kartu data, nu dipaké pikeun ngébréhkeun data dina wangun cutatan-cutatan carita nu aya dina novél *Kasambet* karya Ahmad Bakri. Ieu di handap gambaran tabél datana:

**Tabél 3. 1 Struktural**

Kaca:	
Nu ditalungtik:	
Cutatan:	

**Tabél 3. 2 Étnopédagogik**

Kaca:	
Étnopédagogik:	
Cutatan:	